

## NÒT POU LAPRÈS

### *Sila ki vyole dwa moun pa dwe alatèt enstitisyon Leta yo*

Kriz sou kriz k ap brase bil sosyete a depi plizyè lane ap ranfòse sistèm enpinite a. Sa vin fè peyi a gen yon pakèt responsab nan Leta ki te enplike nan vye zak ak gwo eskandal piblik, san lajistis pa janm fè limye sou dosye yo. Gwo pòs nan Leta vin tounen rekonpans pou moun sa yo. Se sa nou konstate nan divès ka vyolans sou fanm tankou:

- Ka misye Harisson Ernest, ki te Direktè jeneral Radyo ak televizyon nasyonal (RTNH). Nan lane 2014 la, pami 61 anplwaye ki te lonje dwèt sou move konpòtman direktè a, te gen 8 fanm ki te ranmase kouraj yo pou denonse bay otorite yo tizonnay seksyèl ak moral yo t ap sibi nan men direktè a. Medam yo revoke, direktè a pran grad.
- Ka misye Josué Pierre-Louis, ki te manm Konsèy elektoral pwoviswa (KEP) a. Nan mwa novanm 2012, li te enplike nan yon eskandal kadejak sou yon jèn fanm ki t ap travay ak li. Kont maltaye fèt pou lajistis pa janm bay dizon li. Egal, misye Pierre-Louis pa janm sispann okipe gwo pòs nan administrasyon piblik la.
- Ka misye Renan Hédouville, ki te dirijan CARLI. Nan lane 2004 ak 2005, Kay Fanm ak SOFA -Solidarite Fanm Ayisyèn te akeyi epi akonpaye yon ka vyolans konjigal ki te konsène Mèt Hédouville kòm lotè zak vyolans yo. Sa te fèt nan kad sèvis ki ofri bay fanm ak tifi ki sibi vyolans poutèt yo se fi, epi ki mande konkou.

Ekzekitif la ak palman an rantre nan moman pou chwazi nouvo moun ki pral dirije Ofis pwoteksyon sitwayen ak sitwayèn nan (OPC). Kay Fanm ak SOFA pa manke espantan lè yo aprann pami 3 non palman an chwazi genyen yon batè fanm, Renan Hédouville. Fas ak sitiasyon sa a, Kay Fanm ak SOFA, k ap goumen san rete depi 30 lane pou pèmèt fanm ayisyèn rive viv nan yon sosyete san vyolans sou fanm, pa ka nan kase fèy kouvri sa. OPC se enstitisyon nasyonal sou dwa moun. Kidonk, pwotektè/pwotektris se pi gwo pòs nan peyi a nan zafè dwa moun. Se yon pòs prestij kote yon moun ap mete osèvis peyi a eksperyans, ladrès ak konviksyon li genyen nan zafè respekte ak defann dwa moun tout bon, san paspouki. Mete yon batè fanm alatèt OPC, se voye siyal pou banalize vyolans sou fanm, pou fè fanm yo pè denonse agresyon yo sibi, pou fè agresè yo konnen dra enpinite ap toujou kouvri yo. Nan moman kote ekzekitif ak palman an montre yo pa bay pouvwa jidisyèl a enpòtans, lè yo ba li 0.8% nan bidjè nasyonal la, sa plis enkyetan toujou. Se ankourajman pou kalbenday ak koripsyon kontinye ap fèt sou do popilasyon an, etan lotè move zak k ap fèt nan sosyete a pa janm jwenn pinisyon yo merite.

Kay Fanm ak SOFA rete kwè li enpòtan pou popilasyon an rete vijilan sou nominasyon k ap fèt nan Leta. Paske banalize ekzakasyon, kase fèy kouvri sa, se maleng k ap ranfòse sistèm enpinite k ap gangrennen sosyete nou an. Depi se enpinite ki pale, nenpòt moun ka viktim yon jou.

Pòtoprens, 20 septanm 2017.